# Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı Q.Sariyev qurılısshılardı bayram múnásibeti menen qutlıqladı

Image not found or type unknown

Búgin qurılıs tarawı xızmetkerleri kúni múnásibeti menen «Jańabazar» MPJ aymaǵındaǵı Shtabda ushırasıw bolıp ótdi. Ushırasıwǵa usta qurıwshılar, joybarshılar, arxitektorlar, bólip alıp islewshi kárxana wákilleri hám taraw xızmetkerleri qatnastı.

Image not found or type unknown

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı Q.Sariev bayram múnásibeti menen taraw xızmetkerlerin qızǵın qutlıqlap, Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵın rawajlandırıw jolında alıp barılıp atırǵan reformalarda belsene qatnasıp atırǵan qurılısshılarǵa minnetdarshılıq bildirdi.

Image not found or type unknown

Sońǵı jıllarda xalqımızdıń turmıs dárejesin arttırıw, qala hám rayonlarımızdıń kórinisin túp tiykarınan ózgertiw jolında kóp qabatlı zamanagóy turaq-jaylar, aymaqlardaǵı sociallıq infrastruktura obektleri, sawda hám xızmet kórsetiw orınları, bilimlendiriw, medicina hám mádeniyat orayları, zamanagóy dem alıw orınları hám balalar sport maydanshalarınıń qurıp pitkerilip, xalqımızdıń iygiligi jolında paydalanıwǵa tapsırılıp atırǵanın maqtanısh penen atap ótti.

Ushırasıwda taraw xızmetkerlerine bayram múnásibeti menen aqshalay sıylıqlar tapsırıldı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

QR Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti